

RENCANA PELAKSANAAN PEMBELAJARAN (RPP)

Satuan Pendidikan : SMPN 12 Bandung
Mata pelajaran : Bahasa Sunda
Kelas / Semester : VII / 1
Alokasi Waktu : 160 menit (2 X Pertemuan)

A. Standar Kompetensi

7.4 Mampu mengungkapkan pikiran, perasaan dan keinginan dalam bentuk menulis pengalaman, biografi, sajak, bahasan dan menulis berita (*warta*).

B. Kompetensi Dasar

7.4.1 Menulis pengalaman

C. Indikator

1. Dapat menyebutkan teknik untuk menuliskan pengalaman
2. Dapat menyimpulkan hal-hal berkesan dari sebuah pengalaman yang dialami oleh diri sendiri atau orang lain
3. Dapat menyelesaikan sebuah tulisan yang berisi pengalaman diri sendiri berdasarkan kerangka yang telah disediakan

D. Tujuan Pembelajaran

Setelah selesai melakukan kegiatan pembelajaran, siswa dapat:

1. menyebutkan teknik untuk menuliskan pengalaman
2. menyimpulkan hal-hal berkesan dari sebuah pengalaman yang dialami oleh diri sendiri atau orang lain
3. menyelesaikan sebuah tulisan yang berisi pengalaman diri sendiri berdasarkan kerangka yang telah disediakan

E. Materi Pokok

1. Wangenan Pengalaman
2. Teknik Menulis Karangan Pengalaman
3. Kerangka karangan

F. Metode Pembelajaran

1. Pendekatan : Komunikatif, alamiah
2. Metode : Karya wisata
3. Teknik : Ceramah, Diskusi, Latihan, Pemberian Tugas

G. Kegiatan Pembelajaran

Pertemuan	Kegiatan	Waktu/ Pertemuan
1	Pendahuluan	10
	<ol style="list-style-type: none"> 1. Guru datang tepat waktu (<i>nilai yang ditanamkan: disiplin</i>) 2. Guru mengucapkan salam dengan ramah kepada siswa ketika memasuki ruang kelas (<i>nilai yang ditanamkan: santun, peduli</i>) 3. Berdoa sebelum membuka pelajaran (<i>nilai yang ditanamkan: religius</i>) 4. Mengecek kehadiran siswa (<i>nilai yang ditanamkan: disiplin, rajin</i>) 	
	Kegiatan Inti	60
	<p><u>Eksplorasi:</u> Dengan cermat siswa menyimak penjelasan guru tentang karangan pengalaman pribadi</p> <p><u>Elaborasi:</u></p> <ol style="list-style-type: none"> 1. Siswa mengamati contoh téks pengalaman pribadi yang ada dalam buku. 2. Dengan bimbingan guru siswa menuliskan pengalaman pribadi (<i>pretest</i>) dengan memperhatikan <i>eusi, organisasi, kosa kecap, basa, jeung mékanik tulisan</i>. <p><u>Konfirmasi:</u> Siswa bisa menulis pengalaman pribadi siswa dengan memperhatikan <i>eusi, organisasi, kosa kecap, basa, jeung mékanik tulisan</i>.</p>	
	Penutup	10
	<ol style="list-style-type: none"> 1. Bersama guru, siswa menyimpulkan materi pelajaran. 2. Siswa dibagi menjadi kelompok kecil (5-6 orang). 3. Siswa ditugaskan untuk melaksanakan karya wisata ke Museum Pendidikan Nasional 4. Guru menyampaikan informasi tentang materi ajar 	

	pertemuan berikutnya	
2	Pendahuluan	10
	<ol style="list-style-type: none"> 1. Guru datang tepat waktu (<i>nilai yang ditanamkan: disiplin</i>). 2. Guru mengucapkan salam dengan ramah kepada siswa ketika memasuki ruang kelas (<i>nilai yang ditanamkan: santun, peduli</i>). 3. Berdoa sebelum membuka pelajaran (<i>nilai yang ditanamkan: religius</i>). 4. Mengecek kehadiran siswa (<i>nilai yang ditanamkan: disiplin, rajin</i>) 	
	Kegiatan Inti	60
	<p><u>Eksplorasi:</u></p> <ol style="list-style-type: none"> 1. Siswa duduk berdasarkan kelompok masing-masing. 2. Guru mengulang kembali materi pengalaman pribadi 3. Siswa menuliskan point penting, <p><u>Elaborasi:</u></p> <ol style="list-style-type: none"> 1. Tanya jawab materi pengalaman pribadi 2. Siswa menuliskan pengalaman pribadi (<i>posttest</i>) dengan memperhatikan <i>eusi, organisasi, kosa kecap, basa, jeung mékanik tulisan</i> dumasar hasil karya wisata <p><u>Konfirmasi:</u></p> <ol style="list-style-type: none"> 1. Dengan bimbingan guru, siswa memperbaiki / menyempurnakan penceritaan. 2. Siswa dapat menulis pengalaman pribadi dengan memperhatikan <i>eusi, organisasi, kosa kecap, basa, jeung mékanik tulisan</i> 	
	Penutup	10
	<ol style="list-style-type: none"> 1. Bersama guru, siswa menyimpulkan materi pelajaran 2. Guru menyampaikan informasi tentang materi ajar pertemuan berikutnya 	

H. Alat/ Bahan / Sumber

1. Wacana tentang pengalaman pribadi
2. Buku pegangan

I. Penilaian

Indikator	Teknik	Bentuk	Instrumen	Kunci Jawaban
Dapat menyebutkan teknik untuk menuliskan pengalaman	Lisan	Uraian	<ul style="list-style-type: none"> • Sebutkeun teknik nulis karangan pangalaman nu hadé! 	Néangan topik anu ngirut, tuluy nyieun rarangkay karanganna (bubuka, eusi, jeung panutup).
Dapat menyimpulkan hal-hal berkesan dari sebuah pengalaman yang dialami oleh diri sendiri atau orang lain	Nontes	Unjuk kerja	<ul style="list-style-type: none"> • Pék ku hidep inget-inget pangalaman anu gumbira anu geus kaalaman ku hidep. 	-
Dapat menyelesaikan sebuah tulisan yang berisi pengalaman diri sendiri berdasarkan kerangka yang telah disediakan	Tulisan	Uraian	<ul style="list-style-type: none"> • Jieun hiji karangan pangalaman dumasar kana rangkay karangan nu ku hidep disusun! 	Gumantung kamampuh siswa saluyu jeung rangkay karangan.

Aspek Penilaian Nulis Pangalaman

Aspek Kamampuh Nulis	Skor	Kritéria	
		(1)	(2)
Eusi	4	Hadé pisan (Sampurna, hartina maham pisan, mekarkeun kecap koncina relavan/luyu jeung judul sarta pasoalan anu di pedar)	(3)
	3	Cukup-hadé (Maham pisan, mekarkeun kecap koncina relavan/luyu jeung judul	

		sarta pasoalan nu dipedar tapi kurang lengkep)
	2	Sedeng-Cukup (Pamahamanana kurang, mekarkeun kecap koncina kurang saluyu sarta pasoalan nu dipedarna heureut)
	1	Kurang Hadé (Teu maham kana eusi, teu mekarkeun kecap konci, teu cukup pikeun diajén).
Organisasi	4	Hadé Pisan (Éksprési lancar, gagasan anu diungkabkeun jéntré, <i>padat</i> , rapih, runtuyanana logis jeung kohésif)
	3	Cukup-Hadé (Éksprési kurang lancar, kurang <i>terorganisir</i> , tapi gagasan utama jéntré, kurang rapih, bahan anu ngarojong kawatesanan, runtuyan logis tapi teu lengkep)
	2	Sedeng-Cukup (Éksrési teu lancar, gagasan teu jéntré, kapotong-potong, runtuyan jeung mekarkeunana teu logis)
	1	Kurang Hadé (henteu komunikatif, teu <i>terorganisir</i> , teu cukup pikeun diajén)
Kosa Kecap	4	Hadé Pisan (Jembar, kecap éfektif, milih kecap jeung ngungkapkeun kecapna merenah, sarta ngawasa pisan pangwanganan kecap)
	3	Cukup-Hadé (Kurang jembar, kecap éfektif, milih kecap jeung ngungkapkeun kecapna kadang-kadang teu merenah tapi henteu ngaganggu)
	2	Sedeng-Cukup (Sedeng, kurang éfektif, milih kecapna kawatesanan jeung maké kosa kecapna sering salah satu anu ngabalukarkeun ma'nana ogé salah)
	1	Kurang-Hadé (Teu éfektif, milih kosa kecap padu waé, pangaweruh ngeunaan kosa kecap kurang pisan, teu kucup pikeun diajén)
Basa	4	Hadé Pisan (Ngawasa pisan tata basa, saeutik kasalahan dina tata basa jeung nyusun kalimah jeung kecap)
	3	Cukup-Hadé (Pamakéan jeung nyusun kalimah sarta kecapna sederhana, saeutik kasalahan tata basa, teu ngaleungitkeun ma'na)
	2	Sedeng-Cukup (Hésé dina maké jeung

		nyusun kalimah sederhana, kasalahan tata basa, ma'nana ngabingungkeun)
	1	Kurang Hadé (Teu ngawasa pamakéan jeung panyusunan kalimah, teu komunikatif, teu cukup pikeun diajén)
Mékanik	4	Hadé pisan (ngawasa aturan panulisan, tapi aya sababaraha kasalahan éjahan)
	3	Cukup-Hadé (Kurang ngawasa aturan panulisan, kadang-kadang aya kasalahan éjahan tapi teu ngarobah ma'na)
	2	Sedeng-Cukup (Kurang ngawasa aturan panulisan, sering kajadian salah éjahan, ma'nana ngabingungkeun)
	1	Kurang Hadé (Henteu ngawasa kana aturan panulisan, loba kasalahan éjahan, tulisan hésé dibaca, teu cukup pikeun diajén)

(Hartfield, spk., 1985, kc. 91; Nurgiyantoro, 1988, kc. 305-306, dina Puspitasari, 2014, kc. 29-31). Kalayan diropéa rentang skorna.

Nilai Siswa diperoleh dengan rumus sebagai berikut:

$$\text{Nilai} = \frac{\text{Skor Perolehan}}{\text{Skor Maksimal}} \times 100$$

BAHAN AJAR NULIS PANGALAMAN

Unggal jalma miboga pangalaman séwang-séwangan. Pangalaman bakal tetep ngancik dina pikiran lamun éta pangalaman téh dianggap penting atawa luar biasa.

Hidep ogé tangtu boga pangalaman anu kacida dipikainget. Bisa pangalaman pikaseurieun, pikasediheun, jeung sajabana. Pangalaman téh mangrupa karangan anu eusina ngébréhkeun kajadian anu bener-bener kaalaman. Nyieun karangan pangalaman mah teu bisa diwangwang atawa dipapantes tapi kudu dumasar kanyataan di lapangan atawa anu karasa ku urang.

Sangkan nu lian mikanyaho, éta pangalaman kudu dicaritakeun atawa ditulis. Téhnik nulis pangalaman biasana dimimitian ku néangan topik anu ngirut, tuluy nyieun rarangkay karanganna. Rarangkay karangan sorangan kudu aya bubuka, eusi, jeung panutup.

Baca conto wacana pangalaman nu judulna “**Pangalaman Hérmán**” jeung “**Pangalaman Halimah**” dina buku “**Gapura Basa**” kaca 26-29 atawa “**Ngaliwet di Sisi Walungan**” dina buku “**Simpay Basa**” kaca 40-41!

Ieu di handap conto karangan pangalaman pribadi.

NGALIWET DI SISI WALUNGAN

Ayeuna kuring nganjrek di Bandung. Mun keur nyalsé, sok inget kana lalakon keur hirup di lembur. Pangpangna waktu ngaliwet jeung babaturan di sisi walungan. Pangalaman anu moal kapopohokeun ku kuring mah.

Inget harita téh poé ahad. Kira wanci haneut moyan, kuring jeung babaturan geus ngariung. Maksudna rék ngaliwet di sisi walungan Cikembang. Nu harita milu téh inget kénéh, aya genepan: Oman, Engkus, Aang, Nanang, Dédi, jeung kuring (Doni).

Nataharkeun acara liwet téh geus ti anggalna. Matak dina prungna sagala geus siap. Oman kabagéan mawa kastrol. Engkus kabagéan mawa bedog. Ari Aang kabagéan mawa sambeleun, kayaning uyah, gula, tomat, céngék, jeung tarasi. Nanang jeung Dédi mah kabagéan papatungan meuli asin peda. Tah, kuring mah nu mawa bées.

Geus tarapti mah kuring jeung babaturan téh indit ka walungan Cikembang. Teu kungsi lila gé nepi. Datang ka sisi walungan, kasampak geus loba batur. Sarua nu rék ngaliwet. Barudak sapantaran kuring lolobana mah. Harita kuring keur kelas VII SMP. Mémang di lembur kuring, munpoé Ahad téh sok loba nu ngaliwet. Sabenerna mah lain hayang ngaliwet-liwet teuing, tapi lolobana mah nu arulin jeung kabogoh.

Walungan Cikembang téh pernahna ngawatesanan lembur kuring jeung lembur peuntas. Ari lembur kuring téh pernahna di Kampung Sukaramé, Désa Pasirbatang, Kacamatan Manonjaya, Kabupaten Tasikmalaya. Aya teu nu apal ka lembur kuring?

Geus meunang tempat anu ngeunaheun mah, tuluy wé Oman jeung Engkus nyieun hawu dadakan tina batu. Apan loba batu sisi walungan mah. Geus kitu, Aang jeung Nanang néangan suluh nu garing. Lolobana tangkal waru di sisi walungan mah. Tapi aya ogé awi haur. Sakapeung sok aya karari (daun kalapa nu geus garing), nu kabawa caah. Ari kuring mah sok kabagéan ngisikan. Caina ti mana? Nya ti walungan, da beresih ieu. Geus bérés diisikan, bées dina kastrol téh dicaian. Lobana cai sabuku curuk, diitung tina pérés bées pangluhurna nepi ka beungeut cai.

Gen kastrol ditagenkeun. Suluh geus kabeuleum seuneu. Sur suluh diasur-asur. Teu kungsi limawelas menit, cai dina kastrol geus ngagotrok. Teu lila gé asak, ngan kadé seuneu ulah gedé teuing mun geus ngagotrok kitu mah. Bisi kabarangsang gedé teuing seuneu mah. Engké liwetna tutung. Waktu keur ngagotrok, geuwat asin peda asupkeun. Tumpangkeun kana luhur liwet. Lian ti éta, kadé deuih nyambel ulah telat. Lantaran ngadahar liwet henteu jeung sambel mah kurang mirasa.

Ngaliwet sisi walungan mémang di lembur kuring mah geus jadi tradisi. Malah mun ngaliwetna keur usum panén, di sisi walungan téh pinuh pisan ku nu ngaliwet. Teu kitu kumaha, lantaran sawah téh sisi walungan. Jadi anu digarawé di sawah (nu keur panén), sok ngaliwet di sisi walungan. Tapi aya ogé ketang anu disaung sawah. Ngan mun aya nu daék nguseup atawa ngalintar di walungan, liwet téh deungeuna sok katambahan ku beuleum lauk.

Kitu pangalaman kuring ngaliwet di sisi walungan téh.

Judul

Bubuka

Eusi

Panutup

LEMBAR KERJA SISWA

Ayeuna pék ku hidep tuliskeun pangalaman nu pangdipikaingetna. Saméméhna tangtukeun heula topikna, bisa pangalaman pikaseurieun, pikasediheun, pikakeuheuleun jeung sajabana! Kadé poho tulis bagian bubuka jeung panutupna!

Topik Picaritaeun

Bubuka

Eusi Pangalaman

Panutup

UJI KOMPETENSI

Benerkeun kalimah di handap luyu jeung éjahan !

1. jang gopur keur mantuan panén di sawah

 2. iraha rék indit ka bandung téh

 3. aduh ieuh suku katincak

 4. tugas siswa mah maca nulis jeung ngapalkeun lain ulin

 5. gubernur jawa barat nganjurkeun jumsih ka rahayat
-

KUNCI JAWABAN

LKS: Gumantung Kamampuh siswa

Uji Kompetensi:

1. Jang Gopur keur mantuan panén di sawah.
2. Iraha rék indit ka Bandung téh?
3. Aduh, ieuh suku katincak!
4. Tugas siswa mah maca, nulis, jeung ngapalkeun, lain ulin.
5. Gubernur Jawa Barat nganjurkeun jumsih ka rahayat.

PEDOMAN PENILAIAN UJI KOMPETENSI

- Siswa yang menjawab benar untuk soal no. 1-5 diberi skor 20.
- **Jumlah skor maksimal = $5 \times 20 = 100$.**
- Nilai Siswa diperoleh dengan rumus sebagai berikut:

$$\text{Nilai} = \frac{\text{Skor Perolehan}}{\text{Skor Maksimal}} \times 100$$